ЩІэныгъэ тхыгъэ
УДК 821.352.3
DOI: 10.31143/2542-212X-2022-3-391-403
EDN: HXHSFS

# АДЫГЭ ТХАКІУЭ ГЪУБЖ М. И ЛИТЕРАТУРЭ ЛІЫХЪУЖЬХЭМ ЗЭМАНЫМ И ПЛЪЫФЭХЭР КЪАЗЭРЫТЕЩЫР

**ТІымыжь Хьэмыщэ Тэркъан и къуэ[1], Бозий Наимэ Борис ипхъу[2]**
[12] Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет, Налшык, Урысей
[1] timigev.ha@mail.ru, https://orcid.org/0000-0001-6776-8004
[2] naimabozieva@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-0767-2825

**Аннотацэ.** Статьяр зыхуэунэтІар адыгэ тхакІуэ цІэрыІуэ Гъубж Мухьэдин (1913–1997) «Іущым хешыр и Шыхулъагъуэ», «Дыгъужь лъакъуитІ» и романхэм ящІэлъ гупсысэмрэ абыхэм авторым къыщиІэт Іуэхугъуэхэмрэ яІэ зэпыщІэныгъэхэр иджырей щІэныгъэм и Іэмалхэм тету къэхутэнырщ. Апхуэдэу мы тхыгъэмкІэ иджы япэу утыку къихьа мэхъу тхакІуэм и Іэзагъым щыхьэт техъуэ щапхъэхэр, адыгэ романым, лъэпкъ прозэм зегъэужьыным Гъубжым хуищІа хэлъхьэныгъэхэр. Статьям гулъытэ хэха щигъуэтащ адыгэхэм, зэрыщыту къэралым дежкІэ зэхэгъэкІыгъуэу щыщыта лъэхъэнэм теухуа романхэм я ухуэкІэми, тхакІуэм къигъэсэбэпа художественнэ Іэмалхэми. Ди тхыгъэм щІэуэ хэлъыр зэпхар лъэпкъ литературэм къикІуа гъуэгуанэр щыз щІыжынырщ, псынщІэу зызыхъуэж тхыдэ-щэнхабзэ Іуэхугъуэхэр абы къызэрыщыгъэлъэгъуар джэжынырщ, абы и лъэныкъуэкІэ Гъубж М. и романхэм яІэ мыхьэнэр убзыхунырщ. Къыхэгъэщыпхъэщ а Іуэхум ехьэлІауэ тхакІуэм и романхэм куэд къызэраІуэтэжыр. Зы жылагъуэ цІыкІум къыщыхъу Іуэхугъуэхэмкіэ тхакІуэм хузэфІэкІащ къэрал псор зыгъэпІейтей тхыдэ къэхъукъащІэ инхэр къигъэлъэгъуэжын. Коллективизацэм, зауэ нэужь лъэхъэнэ гугъухэм къахохутэ тхакІуэм и литературэ лІыхъужьхэр, ауэ зэман хьэлъэм ахэр къахокІыф ІэпкълъэпкъкІи псэкІи псыхьауэ. Абыхэм ядыболъагъу зэрыщыту лъэпкъым къикІуа тхыдэ гъуэгуанэр, лэжьыгъэшхуэрэ хъуэпсапІэ лъагэхэмкІэрэ гъэнщІар. Гъубж Мухьэдин и тхыгъэхэм нэхъ гу зылъозыгъатэр тхакІуэм и хъэтІырщ, и бзэм и къулеягъырщ. Псом хуэмыдэу ахэр наІуэ щохъу адыгэхэм я хабзэ-зэхэтыкІэм, унагъуэ Іуэхухэм ехьэлІа теплъэгъуэхэм. Мы статьяр къагъэсэбэп хъунущ адыгэ литературэмкІэ лекцэхэр, дерсхэр щагъэхьэзыркІэ, еджакІуэхэр зэреджэну тхылъхэр щатхкІэ, апхуэдэу Урысейм и ищхъэрэ щІыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэм и тхыдэм теухуа къэхутэныгъэхэр щрагъэкІуэкІкІэ.

**Зэрыгъуазэ псалъэхэр:** Гъубж Мухьэдин МэчрэІил и къуэ, адыгэ роман, зауэм теухуа темэ, Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр, тхыгъэм и ухуэкІэр.

**Цитатэ къызэрыхэпхынур:** ТІымыжь Хь.Т., Бозий Н.Б. Адыгэ тхакІуэ Гъубж М. и литературэ лІыхъужьхэм зэманым и плъыфэхэр къазэрытещыр // Электронный журнал «Кавказология». – 2022. – № 3. – С. 391-403. – DOI: 10.31143/2542-212X-2022-3-391-403. EDN: HXHSFS.

© ТІымыжь Хь.Т., Бозий Н.Б., 2022

Original article

# INTERPRETATION OF IDEOLOGICAL TIME MARKERS THROUGH LITERARY IMAGES OF THE KABARDIAN PROSE WRITER M. GUBZHEV

**Khamisha T. Timizhev[1], Naima B. Bozieva[2]**
[12] Kabardino-Balkarian State University named after H. M. Berbekov, Nalchik, Russia
[1] timigev.ha@mail.ru, https://orcid.org/0000-0001-6776-8004
[2] naimabozieva@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-0767-2825

**Abstract.** The article is devoted to the study of the ideologically and thematically interconnected novels of the Kabardian writer M. Gubzhev (1913-1997) "The Clever Paves His Milky Way" and "The Two-Legged Wolf" in their national and genre-style specificity. For the first time, as the author's individual skill is studied, his contribution to the development of the genre of the Kabardian novel is determined. The content and compositional features of the novels dedicated to the dramatic periods of the life of the Circassians in the entire country are determined. The scientific novelty of the proposed work consists in restoring the picture of the development of Kabardian literature, in correlating its most significant facts with the changing historical and cultural context and in particular in identifying the original features of the studied novels by M. Gubzhev. Today's themes of war and revolution are relevant. New accents appeared in the works of famous prose writers of the older generation. Indicative are the novels of M. Gubzhev, which are a highly artistic work of modern national literature. They raise the theme of the recent past, but the works show a novel approach, a view from the standpoint of today. The difficult time of collectivization, the postwar revival - the heroes of M. Gubzhev's novels withstood all these tests with honor. Revealing in the novels the harsh drama of the path traversed by the heroes, the author embodies the historical experience of their native people in their destinies. The imagery, poetry of the language, colorful descriptions of the life and traditions of the Kabardians attract attention. The practical significance of the article is determined because the materials of this study can be used in the development of lecture courses on the history of Kabardian-Circassian literature, in preparing textbooks on literature, as well as in the writing of fundamental scientific research on individual representatives, specific periods and artistic phenomena of the literatures of peoples in South Russia.

**Key words:** Gubzhev Mukhadin Macrailovich, Kabardian novel, theme of war, problems, compositional features.

**For citation:** Timizhev Kh.T., Bozieva N.B. Interpretation of ideological time markers through literary images of the kabardian prose writer M. Gubzhev. IN: Electronic journal «Caucasology». – 2022. – № 3. – P. 391-403. – DOI: 10.31143/2542-212X-2022-3-391-403. EDN: HXHSFS.

© Timizhev Kh.T., Bozieva N.B., 2022

Научная статья

# ИНТЕРПРЕТАЦИЯ ИДЕОЛОГИЧЕСКИХ МАРКЕРОВ ВРЕМЕНИ ЧЕРЕЗ ЛИТЕРАТУРНЫЕ ОБРАЗЫ КАБАРДИНСКОГО ПРОЗАИКА М. ГУБЖЕВА

**Хамиша Тарканович Тимижев[1], Наима Борисовна Бозиева[2]**
[12] Кабардино-Балкарский государственный университет им. Х.М. Бербекова, Нальчик, Россия

[1] timigev.ha@mail.ru, https://orcid.org/0000-0001-6776-8004
[2] naimabozieva@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-0767-2825

**Аннотация**. Статья посвящена исследованию идейно и тематически взаимосвязанных романов кабардинского писателя М. Губжева (1913-1997) «Умный прокладывает свой Млечный путь» и «Двуногий волк» в контексте их национальной и жанрово-стилевой специфики. Впервые исследуется индивидуально-авторское мастерство писателя, определяется его вклад в развитие жанра кабардинского романа. В целом, определяются содержательные и композиционные особенности романов, посвященных драматическим периодам жизни адыгов, всей страны. Научная новизна предлагаемой работы заключается в восстановлении картины развития кабардинской литературы, в соотнесении ее наиболее значимых фактов с изменчивым историко-культурным контекстом в целом, а в частности в выявлении оригинальных черт исследуемых романов М. Губжева. Темы войны и революции, как известно, остаются актуальными и сегодня. В произведениях известных прозаиков старшего поколения появились новые акценты. Показательны в этом плане романы М. Губжева, которые являются высокохудожественным произведением современной национальной литературы. В них поднимается тема недавнего прошлого, однако в произведениях ясно виден новый подход, взгляд с позиций сегодняшнего дня. Трудная пора коллективизации, послевоенное возрождение – все эти испытания герои романов М. Губжева выдержали с честью. Раскрывая в романах суровый драматизм пути, пройденного героями, автор воплощает в их судьбах исторический опыт родного народа. Привлекает внимание образность, поэтичность языка, колоритные описания быта и традиций кабардинцев. Практическая значимость статьи определяется тем, что материалы данного исследования могут быть применены при разработке лекционных курсов по истории кабардино-черкесской литературы, при составлении учебных пособий по литературе, а также при написании фундаментальных научных исследований, посвященных отдельным представителям, конкретным периодам и художественным явлениям литератур народов Юга России.

**Ключевые слова:** Губжев Мухадин Мачраилович, кабардинский роман, тема войны, проблематика, композиционные особенности.

**Для цитирования:** Тимижев Х.Т., Бозиева Н.Б. Интерпретация идеологических маркеров времени через литературные образы кабардинского прозаика М. Губжева // Электронный журнал «Кавказология». – 2022. – № 3. – С. 391-403. – DOI: 10.31143/2542-212X-2022-3-391-403. EDN: HXHSFS.

© Тимижев Х.Т., Бозиева Н.Б., 2022

Къэбэрдей-шэрджэс литературэм XX лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм зи тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ къыхыхьауэ щытахэм ящыщщ Гъубж Мухьэдин. А лъэхъэнэм къыщыщIэдзауэ дунейм ехыжыху и хъэтI, и дуней къэгъэлъэгъуэкIэ, гупсысэ къэIуэтэкIэ щхьэхуэ иIэу лъэпкъ литературэм жумарту хуэлэжьащ ар.

«ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 80 гъэхэм икухэм къыщыщIэдзауэ ди къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм я фIыгъэкIэ лъэпкъ прозэм къаруущIэ къыхыхьащ, нэхъапэхэм зытепсэлъыхьыну хуитыныгъэ ямыIэу щыта темэхэр къызэIухыныр абы къалэн нэхъыщхьэ щыхъуащ. ТхакIуэхэм тегушхуауэ къаIэту хуежьащ «темэ зэхуэщIахэр» [История адыгской… 2013: 245]. Лъэпкъым и блэкIар художественнэ псалъэкIэ къэIуэтэным ахэр хущIэкъурт. Ар нэхъ нэрылъагъу щохъу роман жанрым. Абы Iэмал зэхуэмыдэхэр тхакIуэм къыхузэIуех и литературэ лIыхъужьхэм я щыIэкIэ-псэукIэмкIэ, я дуней лъагъукIэмкIэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ къэхъукъащIэ инхэр къигъэлъэгъуэжыну,

лъэхъэнэм и цIыхухэр зыгъэгуфIэ е зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр ди нобэм къэрипхыжыну. Аращ ди къэхутэныгъэхэм я унэтIыныгъэ нэхъыщхьэр. Тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуэжа лъэхъэнэм лъэпкъым къыдекIуэкI лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэми гулъытэ щыхудощI мы лэжьыгъэм, ахэр романхэм хэт образхэм я шыфэлIыфэхэм етпхыурэ.

Адыгэхэм гъуэгуанэ тынш къызэпачакъым, псом хуэмыдэу гугъут иужьрей лIэщIыгъуитIыр. Ар къыбжаIэ совет нэужь лъэхъэнэм къыдэкIа художественнэ тхыгъэхэм я фIэщыгъэцIэхэми. «Адыгэхэр зыхэпсэукI лъэхъэнэ ткIийр, бгырысхэм къалъыкъуэкI шынагъуэр е къапэплъэ Iуэхугъуэ гуэрхэр тхылъеджэм зыхрагъэщIэн папщIэ, тхакIуэхэм зэгъэпщэныгъэ зэхуэмыдэхэр къагъэсэбэп. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, дунейм и къэхъукъащIэ шынагъуэхэр, хьэкIэкхъуэкIэ бзаджэхэм я хьэл-щэн гуэрхэр: «Гъуэжькуий» (Журт Биберд), «МафIэ лыгъей» (БакIуу М.), «Псыдзэ» (Емкъуж М.), «Мыщэ лъэбжьанэ» (МафIэдз Сэрэбий), «ГущIэгъуншэ» (ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр), нэгъуэщIхэри» [Тимижев, Тхагазитов 2009: 150]. Апхуэдэу зэIуха хъуар тхыгъэхэм я цIэхэм я закъуэкъым – зэIуха хъуащ абыхэм я купщIэри, тхакIуэхэм я псалъэри. Абы и щапхъэщ Гъубж М. и «Iущым хешыр и Шыхулъагъуэ» (1990), «Дыгъужь лъакъуитI» (1994) романхэри. Лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэм къигъэщIа а тхыгъэхэм наIуэу къытощ тхакIуэхэр гуитIщхьитI хъуауэ зэрыщытари.

«Iущым хешыр и Шыхулъагъуэ» романым лъэхъэнэ кIыхьи Iуэхугъуэ куэди къызэщIеубыдэ, коллективизацэм къыщыщIэдзауэ зауэ нэужь зэман гугъум къэсу. Къурш къуажэкIэ зэджэм щекIуэкIа къэхъукъащIэхэр къигъэлъагъуэкIэрэ, тхакIуэм убгъуауэ нэрылъагъу ещI цIыхубэм я нэгу щIэкIа Iуэхушхуэхэр, бэнэныгъэ гуащIэр, зауэ нэужьым мэкъумэшыщIэхэм я псэукIэр зэрызэрагъэпэщыжар. Къуэпс куэду зэхэухуэна тхыгъэшхуэм къыщыхъу псоми хэпщIащ къуажэ тхьэмадэ Жэмал. Аращ лIыхъужь нэхъыщхьэу хэтыр, къэхъукъащIэ псори зэкIуэлIэжыр, романым фIыуи Iейуи къыщыхъу псори – цIыхум я щхьэ Iуэхум къыщыщIэдзауэ къэрал Iуэхум нэсу – лъэныкъуэ Iэджэ-кIэ абы епхащ. ТхакIуэм занщIэу дыхегъэгъуазэ романым щекIуэкI Iуэху псори зэпхыжа а лIыхъужьым и псэукIэм. Ар гъащIэм ипсыхьа цIыхущ, абы и IэфIри и бэIутIэIури зыхищIауэ. Ар наIуэ къыпщащI абы и унагъуэ, и щхьэ Iуэхухэр къызэрекIуэкIам. А псори зэпызыщIэу, гукъинэж пщызыщI теплъэгъуэхэр, къэхъукъащIэхэр тхакIуэм IэкIуэлъакIуэу, уи фIэщ хъууэ къигъуэтащ.

ЛIыхъужь нэхъыщхьэм и образыр тхылъеджэм и фIэщ хъууэ щытын папщIэ, ар зыхэт Iуэхухэри, зыпыщIа цIыхухэри, абыхэм я IуэхущIафэри пэжу щытын зэрыхуейм шэч хэлъкъым. А къалэнри тхакIуэм тэмэму егъэзащIэ. Абы и фIыгъэкIэ нобэрей тхылъеджэр хэша мэхъу ди блэкIа гъунэгъум къэхъуа тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэм, ди адэ-анэхэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм я нэгу щIэкIахэм.

Тхыгъэм хэт персонажхэм, псом япэу Жэмал ущегупсыскIэ, гу лъыботэ езы тхакIуэр фIыуэ зыщыгъуазэ цIыхухэм я гъащIэр, пэжу къэхъуа Iуэхухэр романым лъабжьэ зэрыхуищIам. Романым иджыри зэ дыхешэж зэман бзаджэ блэкIахэм къэхъуа тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэм (граждан зауэ нэужьым, коллективизацэм, Хэку зауэшхуэм, зэфIэгъэувэжыныгъэм и илъэс гугъухэм,

нэгъуэщIхэми). А псор ди цIыхухэм я нэгу зэрыщIэкIар тхакIуэм къытхуеIуэтэж и литературэ лIыхъужьхэм я образхэмкIэ.

«Iущым хешыр и Шыхулъагъуэ» романым и ухуэкIэр гъэщIэгъуэнщ. Ар тхылъищу зэхэлъщ. Ахэр зэпыудащ Iыхьэ-Iыхьэу, дэтхэнэми езым псалъащхьэ иIэжу. Япэ тхылъыр IыхьипщI мэхъу. Абы зэманкIэ къызэщIеубыдэ коллективизацэм къыщцыщIэдзауэ зауэр къыщыхъея махуэм къэсыху. Романым псэукIэжьымрэ псэукIэщIэмрэ (художественнэ конфликтым и щIэдзапIэм) я зэпылъыпIэ дыдэм деж къыщцыщIедзэ. Тхыгъэм и япэ напэхэм щыдолъагъу шыгъажэ екIуэкIыу. Мыбдеж дыщыхуозэ романым и лIыхъужь нэхъыщхьэм – Хъуэж Жэмал. Ар щIалэ цIыкIуу, шыгъажэр здекIуэкIым, КIэщ Хьэбашэ епсалъэу къыщIедзэ романым: «– Ар уигу темыхуэмэ, уэ IукI, Хьэбашэ! Уи гужьыр илъ хуэди иджыри?! ЩыIэжкъым а япэрей дэгъэуей-къегъэухыр! Иджы, Хьэбашэ, Совет властщ, къыбгурыIуа ар?!» [Губжев 1990: 3].

КIэщ Хьэбашэ лъэкI къигъанэркъым къуажэдэсхэм зэран яхуэхъун щхьэкIэ. Абы и бзэкIэ Жэмал и адэ Мел ягъэкIуэдащ, кIэдетхэм дашри. КIэдет, большевик жаIэу зэрызехьэ къыщыхъуа гъэ дыдэм, Пэхъу и адэ-анэр дашу уэхбзэхыу зэрыкIуэдари зи Iэужьыр Хьэбашэщ. А персонажыр зыхуэдэр тхакIуэм дегъэлъагъу Бабынэ и псалъэхэмкIэ: «КIэщ Вындыжь зымыцIыху, ди къуажэр щызогъэтри, ди хэкум псэ зыIут ису къыщIэкIынкъым. Ари ар! Кхъуэр блэбгъэжу Вындыжь быукI хъунт! ЦIыху мащIэ Iисраф иригъэщIа уфIэщIрэ, тIыкIуэ, абы!» [Губжев 1990: 10]. Хьэбашэ ягъэтIысыр. Ауэ абы и Iуэху мыхъумыщIэхэм пащэ и къуэш Щэмхьун, абы и щхьэгъусэ Цынэ, Хьэбашэ и щхьэгъусэ Къазынэ, джэршыдз Шэрэдж, фыз Iэзэ Къандыгъэ. Къуажэдэсхэм къехъулIэ псори абыхэм я нэм бжэгъуу къыщIоуэ.

Романым и япэ напэкIуэцIхэр щыхьэт тохъуэ Жэмал зэрысабий Iущым. Ар наIуэ ящI Пэхъу и псалъэхэми: «Уэлэхьэ, сэ Жэмал нэхърэ нэхъ кIэщыIущ сымылъэгъуа икIи зэхэзмыха, абы и ныбжьым иту. Дадэкъуапэщ, а цIыкIур, дадэкъуапэ, тхьэм гъащIэ кърит! КъурIэнкIэ пхуэсIэнщ, ар мы сабий угъурсыз!» [Губжев 1990: 8]. Жэмал фызабэ Бабынэ зытегужьеикIауэ ипI сабийщ. Ар зы лъэныкъуэкIэ, анэм и къуэ закъуэт, етIуанэу, большевикыу щыта и адэр жылэм щыцIэрыIуэти, абы и ныбжьэгъухэм я нэIэ къытетт. Ауэ езы щIалэр пасэу йосэ нэмысым фIэлIыкIыу, гуауэр къыгурыIуэу, гугъуехьым щымыщтэу, и ныбжьэгъухэм IуэхущIэнкIэ зыкъыкIэримыгъэхуу, еджэнкIи абы зыри къылъэщIыхьэртэкъым. Ар набдзэгубдзаплъэу, гулъытэ иIэу къохъу.

Жэмал и хьэл зэфIэувэмрэ и гупсысэхэмрэ тхакIуэр зыкIи хэмыхьэ хуэдэу, езым къызэриIуэтэжым нэхъ къабыл ищIыну и къалэнщ абы и нэгу щIэкI псори. Жэмал еджапIэр къеухри тракторым мэшэс. Къуажэ тхьэмадэм и унафэкIэ ар еджакIуэ къалэм макIуэ. Жэмал агроном хъуауэ къегъэзэж. Иджы си къуэр къысIэрыхьэжащ, жиIэу Бабынэ гуфIэныр имыухыурэ дзэм къулыкъу щищIэну ираджэ Жэмал. Ауэрэ зауэр къохъей. Абдеж щеух япэ тхылъыр.

ЕтIуанэ тхылъым къызэщIеубыдэ зауэр къыщыхъея махуэхэм къыщыщIэдзауэ ар зэриухам теухуауэ гуфIэгъуэ пэкIу Къурш къуажэм зэращащIам нэсыху. Ар Iыхьийуэ зэхэтщ.

ТхакIуэм нэрылъагъу ещI ди щIыналъэм а лъэхъэнэм щекIуэкIа Iуэхугъуэшхуэхэр. Романым гупсэхуу къыщыгъэлъэгъуэжащ колхоз Iэщымрэ тех-

никэмрэ бийхэм Iэрамыгъэхьэн щхьэкIэ зэрагъэIэпхъуар, партизанхэм ди лъахэр хуит къащIыжын папщIэ ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэр. Романым и етIуанэ тхылъыр еух зауэр зэриухам щхьэкIэ Къурш къуажэм гуфIэгъуэ пэкIу щекIуэкIыу. Ари тхакIуэм къигъэсэбэпа Iэмалщ – пэкIуитIым я зэхуакум къэхъуа Iуэхугъуэхэрщ а Iыхьэм и сюжетым лъабжьэ хуэхъуар.

Ещанэ тхылъыр теухуащ зауэ нэужь илъэсхэм колхозыр зэфIэгъэувэжыным цIыхубэм зэрызэратам, зауэм щыIа сэлэтхэр къекIуэлIэжу къуажэ лэжьыгъэхэм зэрыIуувэжам. Мы тхылъыр нэхъыбэу зэгъэщIылIауэ щытыр Жэмал и гъащIэмрэ абы и ныбжьэгъухэм я IуэхущIафэхэмрэщ.

Гъубж Мухьэдин и романым и темэкIи зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэм ди къэралым и цIыху гуащIафIэхэм къакIуа гъуэгуанэ гугъур къигъэлъэгъуэжын папщIэ къигъэсэбэпа литературэ IэмалхэмкIэ дэбгъуэн щыIэкъым.

Адыгэ хабзэм, Iуэху зехьэкIэм, адыгэ лъэпкъ хьэл-щэнхэм, нэгъуэщIхэм епхауэ псэлъэкIэ шэрыуэу куэди ущрохьэлIэ романым. Къигъэлъагъуэ лъэхъэнэм къезэгъыу тхакIуэм къихь псалъэжьхэм тхыгъэхэм я бзэр къулей ящI. Апхуэдэхэщ: «Уэлбанэ блэкIам щIакIуэ кIэлъомыщтэж» [Губжев 1990: 4], «Къуийм и щIыIу гуэрэф» [Губжев 1990: 4], «Бгым джэдыкIэкIэ еуэ» [Губжев 1990: 7], «ХьэщIэр шхамэ, бжэм йоплъ» [Губжев 1990: 9], «Гъунэгъурэ гъуэншэджрэ» [Губжев 1990: 12], «Шыгъу зышхар – псы ирефэж» [Губжев 1990: 15], «Мащэ къэзытIыр – мащэ йохуэж» [Губжев 1990: 17], «ХъумпIэцIэджым и кIуэдыжыгъуэм дамэ къытокIэ» [Губжев 1990: 17], «Дзы зиIэм и нэIэ тетыжщ» [Губжев 1990: 18], «ПщIэншэ уадэр Iэтыгъуейщ» [Губжев 1990: 45], «Джэд нэхърэ джэдыкIэ нэхъ Iущщ» [Губжев 1990: 45], «Быдэ и анэ гъыркъым» [Губжев 1990: 113], «ЗэкъуэшитIрэ дзитI зыIут къамэрэ» [Губжев 1990: 113], «Щхьэр псэумэ, пыIэ щыщIэркъым» [Губжев 1990: 114], нэгъуэщIхэри.

Гъубжым и роман ухуэкIэм хьэл нэхъыщхьэу хэлъыр къэIуэтэкIэр хъыбар щхьэхуэ зырызурэ зэрыгъэпсарщ, хъыбар къэс езым и «жылапхъэ» иIэжщ, апхуэдэ «жылапхъэм» къыкIэлъыкIуэ хъыбархэм зыщаужь, икIэм-икIэжым абыхэм къызэрагъэпэщ лIыхъужьхэм я хьэл-щэн зэмыщхьхэр.

Я дуней тетыкIэкIи IуэхущIафэкIи, акъылкIи гупсысэкIи, хьэл-щэнкIи зэрызэхуэмыдэм хуэдэу, я теплъэкIи, щытыкIэ-зыIыгъыкIэкIи зэхуэмыдэ цIыхущ «Iущым хешыр и Шыхулъагъуэ» романым хэтхэр. Гъубж Мухьэдин зэрытхакIуэ Iэзэм, гъащIэм зэрыхуэнэбдзэгубдзаплъэм и щыхьэтщ абы и романым хэт дэтхэнэ персонажми нэгъуэщIхэм къызэрыхэщхьэхукI теплъи плъыфи зэраIэр. ТхакIуэм еубыдылIауэ зы цIыхум и теплъэр (портретыр) зы щIыпIэм деж хэчыхьауэ щищIи къохъу, ауэ я нэхъыбэм, зэрихабзэщи, Iуэху къекIуэкIхэм хэту, персонажхэр зэрыт щытыкIэм, абыхэм я гукъыдэжым, гухэщIым, губжьым, гурыщхъуэм, шынагъуэм, нэгъуэщI-къинэмыщIхэм япыщIауэщ зэриубзыхур. Абы дежым тхакIуэм цIыхум и теплъэр, и сурэтыр IупщI ищIурэ, а цIыхур зищIысми, абы и хьэл-щэнми, и гурыщIэми ухегъэгъуазэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ къэгъэлъэгъуащ Жэмал. Деплъынти персонажхэм ящыщ зы-тIум я шыфIэлIыфэр тхакIуэм къызэригъэлъагъуэ щIыкIэм.

Партым и райкомым и секретарь Дмитрий Яковлевич Филиппенкэ и теплъэр: «Ар щIалэ зыIэщIэлъ гуэрт. И щхьэц сырыхур кIэщIу щIэщат, и жьакIи и

пащIи къабзэу упсат. Джэдгыныфэ джанэ-гъуэншэдж зэщыщ щыгът, и бгыр фэ гъуэжь бгырыпх бгъуфIэкIэ щIэкъузэжауэ. ЩыпсалъэкIэ, ар мыпIащIэу, хуэм дыдэу ирокIукI-кърокIукI» [Губжев 1990: 112].

ЦIыхум и теплъэм тэмэму нэIуасэ узэрыхуищIым нэмыщIкIэ, тхакIуэм хьэкъ къыпщещI апхуэдэ теплъэ зиIэ цIыхум властри унафэри зэрыIэщIэлъри, абы игурэ и щхьэрэ зэтелъу, унафэ ищIари пхигъэкIыфу, ткIийуэ, цIыху зэпIэзэрыту зэрыщытри. КIэщIу жыпIэмэ, Филиппенкэ и теплъэм абы и хьэлщэным щыщ гуэрхэри къегъэнаIуэ.

НэгъуэщI зы портрети къэдгъэлъэгъуэнщ: «Хьэрун ТIалиб райисполкомым и унафIэщIт. Ар къызэрыгуэкI цIыхутэкъым. Щыгъыу къалъхуам ещхьт пщампIэ теублэрэкIа зытет и къэптал щIыху-фIыцIафэр. Абы щыщыпс кIартIузи щхьэрыгъыжт. И щхьэц хъурыфэ мэракIуапцIэр кIэщIу щIэщат, и нэкIури упсат – мыл гъурыджейуэ, и набдзэ фIыцIэхэри къурашэт – лэгъупыкъуу. Зэ IуплъэгъуэкIэ жьажьэу йоплъ, жьэмейуэ къыпфIощI. Ауэ жыжьэуи Iуэхур абы теттэкъым. ТIалиб сыт щыгъуи хьэлкIи щэнкIи зэпIэзэрытщ, кIий-гуохэм ящыщкъым, гушыIэ дахэ хэлъщ, хабзэ зыхэлъщ, цIыхуитI щызэпсалъэм деж япэрыуэныр и хьэлкъым, щэхууи псалъэхэм ящыщкъым» [Губжев 1990: 113].

Хьэпэхъу и портретыр мыпхуэдэу къыщыгъэлъэгъуащ романым: «Хьэпэхъу щыгъыныджэти арат бжьыгуэ зыщIыр армыхъумэ, ар сытым хуэдэу щIалэ зэкIужт. И нитIыр пIащэрэ пыжь хъупам ещхьу фIыцIэу, щхьэц фIыцIэ хъурыфэу, езыр къарууфIэ зыIэщIэлъу» [Губжев 1990: 11].

ГъэщIэгъуэнщ романым и ухуэкIэр. Абы кIэщI-кIэщIурэ езы тхакIуэри къыхуохьэ, Iуэхугъуэ къэкIуэнухэм пожажьэри къытхуеIуатэ, е езы Жэмал йоуэршэрылIэ. Апхуэдэ едзыгъуэу романым хэтщ хы: *«Пэжыр пэжу жытIэжынщ», «ЕтIуанэ гукъэкIыжхэр», «Тхыгъэр зейм и псалъэ», «Аргуэру зэ тхыгъэр зейм къыбгъэдэкIыу», «Тхыгъэр зейр щыхьэт тохъуэ», «Тхыгъэр зейм и иужьрей псалъэ»*.

Художественнэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къигъэсэбэпурэ, Гъубж М. Iэзэу къигъэлъэгъуэфащ и лъэхъэнэгъу цIыху зэхуэмыдэхэм я дуней тетыкIэр, я хьэл-щэн нэхъыщхьэхэр, я IуэхущIафэхэр, я зэхущытыкIэхэм фIыуи Iейуи хэлъыр. Езыр фIыуэ зыщыгъуазэ, и нэкIэ илъэгъуа, игукIэ зыхищIа, и псэкIэ игъэва Iуэхугъуэхэрщ тхакIуэм и тхыгъэхэм лъабжьэ яхуищIыр, зи гъащIэр дигъэлъагъу литературэ лIыхъужьхэри и нэIуасэ, набдзэгубдзаплъэу зыкIэлъыплъа, зыхуэныкъуэмрэ зыхущIэкъухэмрэ ищIэ цIыхухэрщ. УхуэкIэ екIуи, къэIуэтэкIэ дахи къызыхуигъуэтыф и тхыгъэ нэхъ цIыкIухэри нэхъ инхэри Гъубжым къытрегъэпщIыкI захуагъэмрэ къуаншагъэмрэ, фIымрэ Iеймрэ зэпэщIэуvауэ щызэпэщIэт гъащIэм бжыгъэншэу къигъэщI зэпэщIэсэныгъэхэм. Ахэр гупсэхуу зэпкърихкIэрэ, ди нобэрей гъащIэм къигъэув упщIэхэм жэуап пыухыкIа яритыну хущIэкъуащ тхакIуэр.

Гъубж М. и «Дыгъужь лъакъуитI» (1994) романыр къыщыIэта IуэхугъуэкIэ егъэщIылIащ «Iущым хешыр и Шыхулъагъуэм». Абы къыщхьэщыкIыу тхакIуэм нэхъыбэу ди нэIэ зытригъэтыр коллективизацэм ди цIыхухэр иужьгъэу къызэрыщIигъэкIыжарщ, гъащIэм ахэр зыIуигъэщIа лъэпощхьэпохэрщ, гугъуехь псэукIэ хьэлъэр къызэринэкIыу гъуэгуанэ убзыхуа ди цIыхухэр теува зэрыхъуарщ.

Романым лъабжьэ хуэхъуар, ар зытепсэлъыхьыр коллективизацэрщ, Хэку зауэшхуэм и ужькӀэ Къэзымыгъэш адыгэ къуажэм дэс мэкъумэшыщӀэхэм я псэукӀэрщ, я ӀуэхущӀафэхэрщ, я хьэл-щэн нэхъыщхьэхэрщ.

Тхыгъэм къытхуеӀуэтэж Гъубжым Къэзымыгъэш зыфӀища къуажэм и Ӏуэху зыӀутыр, мыбы щыпсэу цӀыхухэм я цӀыхугъэкӀэ, я хьэл-щэнкӀэ, я псэ къабзагъкӀэ, я дуней тетыкӀэкӀэ зэрызэхуэмыдэр. «Дыгъужь лъакъуитӀ» романым колхозым и япэ лъэбакъуэхэр щича лъэхъэнэм щыщӀидзэри тхакӀуэм къыдигъэлъэгъуащ абы и Ӏуэхур къызэрекӀуэкӀар, колхозыр ефӀэкӀуэным хэлэжьыхьахэр, зэран хуэхъуахэр, зауэр къэхъейуэ зэтраубла колхозыр зэрызэтещэхэжыр.

Гъубж Мухьэдин и творчествэм щыгъуазэ зыхуэпщӀауэ и романым укъеджэм нэрылъагъу пщохъу езы авторым и нэгу щӀэкӀа куэд и тхыгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуари. Апхуэдэщ Гъубжыр езыр колхоз тхьэмадэу зэрыщытар, къуажэдэсхэм я псэукӀэр зэтеублэжыным лэжьыгъэ куэд зэрыхищӀыхьар, Хэку зауэшхуэр къэхъея нэужь зауэм зэрыкӀуар, абы щекӀуэкӀ псори и нэгум щӀэкӀауэ зэрыщытар. ГъэщӀэгъуэну къыхихащ тхакӀуэм Ӏуэхугъуэ псори щекӀуэкӀ къуажэм и цӀэр – Къэзымыгъэш. МыбыкӀэ занщӀэу гурыӀуэгъуэ пщохъу къуажэдэсхэм я хьэл-щэныр. Мыбы щыпсэухэр сыт хуэдэ гугъуехьми ерыщу зэрыпэщӀэувэр абы къегъэлъагъуэ. Гу лъумытэу къанэркъым тхакӀуэм и лӀыхъужьхэм яфӀища цӀэ-унэцӀэхэри езыхэм я хьэл-щэнхэм ещхьу къызэрыхихар, псалъэм папщӀэ, Езауэ Мэзан, Ямыдэ, Хъуп, нэгъуэщӀхэри.

Тхыгъэр зытеухуамрэ абы щӀэлъ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ къигъэлъэгъуэн папщӀэ Гъубж Мухьэдин къегъэсэбэп литературэ Ӏэмал зэмылӀэужьыгъуэхэр. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщӀэ, романым и ухуэкӀэм хуищӀ гулъытэр, и лӀыхъужьхэм я ӀуэхущӀафэхэмрэ я зэфӀэкӀымрэ къызэригъэлъагъуэ щӀыкӀэр, бзэр зэригъэшэрыуэр икӀи нэгъуэщӀ Ӏуэхухэри.

Романыр, зэрыщыту къапщтэмэ, зытепсэлъыхьыр къуажэ псэукӀэрщ, мэкъумэшым нэхъри зегъэужьыным хуэунэтӀауэ Къэзымыгъэш къуажэм щекӀуэкӀа лэжьыгъэшхуэрщ. ИкъукӀэ зэман гугъут. ТхакӀуэр зытепсэлъыхь къуажэм лэжьыгъэр щызэкӀэлъымыкӀуэт. Апхуэдэ щытыкӀэ гугъухэр къагъэсэбэпурэ, языныкъуэ цӀыху щхьэхуещэхэм лэжьыгъэр нэхъри къызэӀащӀэрт.

Романым хэт персонажхэщ Хъуп Мэжид, Емызэгъ Хьэжмэт, КӀыкъуэ Хьэмырзэ, Ямыдэ, Езауэ Мэжид, Жангулэз, Андрей Иванович Колесниковыр, Мыкъуэ ПӀатӀыш, Хьэмидбий, Мэржан, Нажмудин, Мысхьуд, Сэрэбий, Лыхъэ, НарткӀэ зэджэ щӀалэ цӀыкӀур, нэгъуэщӀхэри. Мыбыхэм щыщу гурымыхь образхэу я щӀэпхъаджагъэхэмкӀэ, я ӀуэхущӀафэ фӀейхэмкӀэ, я губыдагъэхэмкӀэ тхылъеджхэм я гум имыкӀыжу къонэр Езауэ Мэзан, Мэжид, Сэрэбий. Мыхэр зы жыпхъэм къикӀа хуэдэу зэщхьщ, цӀыхугъэншэхэщ, Хэкум епцӀыжа цӀыхухэщ, нэмыцэхэм якъуэуващ, абыхэм фӀыкӀэ ящыгугъыу. Мыбыхэм псоми я щхьэм илъыр зыщ – къуажэм зэраныгъэ щащӀэнырщ, колхоз зэтраублам кӀэ иратын папщӀэ сытри ящӀэнущ. Апхуэдэ цӀыху щхьэхуещэхэр зауэ зэманым мащӀэт, ялэжь зэраныгъэр куэдми, цӀыхубэр щхьэмыгъазэу бийм пэщӀэувэри езэуащ псэемыблэжу, текӀуэныгъэр къихьыху. Апхуэдэ ди сэлэт хахуэхэм ящыщщ Хэку зауэшхуэм лӀыхъужьыгъэ къыщызыгъэлъэгъуа Къэзымыгъэш къуажэм

щыщхэу Хьэмидбий, Емызэгъхэ Мыхьэмэтрэ Наждуминрэ. Псом хуэмыдэу гукъинэжу, пэжагъ хэлъу тхакIуэм къегъэлъагъуэ цIыхум я гум, я псэм дыхьэу, зэфIэкI иIэу, жэрдэмщIакIуэу къэува Емызэгъ Мыхьэмэт и образыр. Абы щIэгъэкъуэн пэжу иIэщ я IэнатIэхэм хьэлэлу бгъэдэт лэжьакIуэхэр.

Романым къыщIедзэ етIощIанэ гъэхэм я кIэух зэманым. Революцэмрэ зауэмрэ пыщIа хьэлэбэлыкъхэр ужьыхащ, гъащIэр гугъусыгъуурэ, хуэмурэ, къикIуэт-никIуэтурэ революцэм хухиша ухуэныгъэ гъуэгуанэм тохьэ.

Романым икъукIэ IупщIу къыхощ «Большевик» колхозыр зэфIэувэн папщIэ зыIута IэнатIэр. Ди нэгу щIокI колхозу зэхыхьа цIыхухэм я япэ лъэбакъуэхэр, нэмыцэхэм зэхакъута колхозым и махуэ хьэлъэхэр. Ар гугъуурэ къызэфIоувэж. Псори тыншу къехъулIэу жыпIэ хъунукъым «Большевик» колхозым. Абы зэран къыхуэхъухэр иджыри мащIэкъым.

Романым щекIуэкI Iуэхугъуэхэм нэхъ къыхэжэныкIхэм ящыщщ Хьэмидбий и образыр. Ар тхакIуэм дегъэлъагъу лэжьыгъэр псэкIэ зыхэзыщIэ, абы пщIэшхуэ хуэзыщI цIыхуу. Абы коллективизацэр егъэкIуэкIыным лэжьыгъэшхуэ хещIыхь. Ар зи псалъэм тебгъуэтэж цIыхущ, гу къабзэщ, цIыхугъэ лъагэ иIэщ. Мис а хьэл-щэнхэрщ Хьэмидбий цIыхухэм фIыуэ къезыгъэлъагъур. Образыр гукъинэж ящI къэзыухъуреихь цIыхухэм абы къыхуаIэ щытыкIэм. Хьэмидбий къуажэдэсхэм къыхуащI пщIэм, къыхуаIэ лъагъуныгъэм и щыхьэтщ сыт хуэдэ зэIущIэми нэжэгужэу цIыхухэр къызэрыпежьэр.

А образым ещхьыркъабзэу Емызэгъ Нажмудин – Iэщ дохутыр щIалэм – и образми къалэнышхуэ щегъэзащIэ романым и гупсысэ нэхъыщхьэр гъэбелджылынымкIэ, ар нэхъ гурыIуэгъуафIэ щIынымкIэ. Мыри лэжьакIуэ пэрытщ, зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI, пэжу ирилажьэ щIалэщ. Нэжмудин ирихьэжьэ Iуэхур и кIэм нэзыгъэсыф щIалэщ. Мыбыхэм ирагъэкIуэкI бэнэныгъэр, зыIущIэ лъэпощхьэпохэр хьэлэмэту дегъэлъагъу тхакIуэм.

«Дыгъужь лъакъуитI» романым хэлъ гуауэри гуфIэгъуэри гъащIэм къыхэкIащ. Аращ Гъубжым и романхэр бэнэныгъэрэ щхьэхуитыныгъэрэ гупсысэкIэ, гъащIэр фIыуэ лъагъункIэ щIэгъэнщIар. ТхакIуэм и Iэзагъыр нэхъ иныху абы гъащIэм къыхэтэджыкI и образхэри нэхъ щIэщыгъуэщ, нэхъ гукъинэжщ. Апхуэдэщ Гъубж Мухьэдин къигъэщIа образхэри. Мыбыхэм ягъэбелджылы тхакIуэм и гупсысэм и кууагъыр, ар гъащIэм зэрыщыгъуазэ щIыкIэр, абы и гупсысэкIэр.

Романыр зэрыщыту къапщтэмэ, гъэсэныгъэ, ущииныгъэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Мыбы IупщIу къыщыгъэлъэгъуащ мурад Iей зиIэхэм я гъуэгуанэр здынэсымрэ гъащIэм хуэпабгъэ цIыху щыпкъэхэм я гъащIэр къызэрыщIэращIэмрэ. Ди щIэблэр гъащIэм тэмэму хуэгъэхьэзырынымкIэ, ар патриот нэсу гъэсэнымкIэ романыр дэIэпыкъуэгъу хъунущ фIымрэ Iеймрэ зрагъапщэкIэрэ, образ зэхуэмыдэхэм щыгъуазэ защIкIэрэ.

Романым зэман блэкIар ауэ сытми ди нэгу къыщIигъэхьэж къудейкъым, атIэ гурыIуэгъуэ тщещI гъащIэр цIыху пэжу ехьэкIын зэрыхуейр, цIыхур цIыху зыщIыжыр и IуэхущIафэхэр, и хьэл-щэнхэр ару зэрыщытыр. Хэкур фIыуэ лъагъун, егъэфIэкIуэн, мамырыгъэр сакъыу хъумэн зэрыхуейр зыми зыщыдгъэгъупщэ зэрымыхъунур, абы щхьэкIэ дэтхэнэми хузэфIэкI псори хьэлэлу илэжьын зэрыхуейр къыджеIэ тхакIуэм.

«Дыгъужь лъакъуитI» романыр тхылъитIу зэхэтщ. Iуэхугъуэ щхьэхуэ къэс псалъащхьэхэр иIэжщ. Япэ тхылъыр теухуащ цIыхухэр колхозу щызэгуагъэхьа лъэхъэнэм, етIуанэр – Хэку зауэшхуэм и зэманым.

Япэ тхылъыр къыщIедзэ тхакIуэм «Iэмалшы» псалъащхьэ зыхуищIа IыхьэмкIэ. Романым и япэ напэкIуэцIхэм щыщIидзэри цIыхур гъащIэщIэ зыхуэкIуэр, цIыху гъащIэр ефIэкIуэн папщIэ коллективизацэ зэтраублэм хэти ерыщу зэрыхэлэжьыхьыр, хэти абы зэрыхузэфIэкIкIэ зэран зэрыхуэхъухэр образ щхьэхуэхэм ирипхыурэ тхакIуэм дигъэлъэгъуащ. Тхыгъэм ди нэгу щыщIокI колхозу зэгуагъэхьэ щыхъуам гъащIэм къыщыхъу, щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм кутуэ хэзымыщIыкI цIыхухэр абы къызэрызэщигъэур, хуэпабгъэ зэрыхъур.

Гъубж Мухьэдин и романым еджэн зэрыщIидзэу тхылъеджэр занщIэу хуозэ Къэзымыгъэш къуажэм и псэукIэр егъэфIэкIуэным зэран хуэхъу гурымыхь образхэу Мэзанрэ Мэжидрэ. Зым нэхърэ адрейр нэхъ Iеижу уи нэгум щIегъэкI тхакуэм «дыгъужь» хьэл зыхэлъхэу цIыху псэ хьэрэмхэр. Мэзан и образым Гъубжым кIэрелъхьэ а лъэхъэнэм мыхъумыщIагъэу къалъытэу щыта псори.

Романым щIыпIэшхуэ щримыгъэубыдами, Ямыдэ цIыхубзым и образымкIэ тхакIуэм къыдигъэлъэгъуащ, хузэфIэкIышхуэ щымыIэми, ар фIым, пэжым, дахагъэм и телъхьэу зэрыщытыр. Къуажэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр нэсу къыгурымыIуэ пэтми, Ямыдэ и щхьэгъусэ Мэзан IуэхущIафэ фIейхэр зэрилэжьыр елъагъу. Ар и щхьэгъусэм хуигъэдахэркъым, уеблэмэ Мэзан пэщIоувэ.

Ямыдэ и лIым зэрыпэщIэувар кIуэдыпIэ хуохъу. А тхьэмыщкIэр зытекIуэда «дыгъужьыр» сэтей къащIыну яхузэфIокI Нэжмудин, Жангулэз сымэ. ТхакIуэм егупсысауэ къыхихащ «Ямыдэ» цIэр. Ямыдэ идэркъым и щхьэгъусэм и мурад бзаджэхэр, икIи и щхьэгъусэм пэщIоувэр, зэрыпэмылъэщынур ищIэ пэтми. Ямыдэ и псэм ищIа хуэдэт и щхьэгъусэм зэрыIэщIэкIуэдэжынур.

ТхакIуэм Мэзан и образымкIэ дегъэлъагъу цIыху нэхъ икIэ дыдэу щыIэр. Ауэ сытми фIищакъым абы и унэцIэр Гъубжым. И щхьэгъусэ къудейркъым абы и Iэр къыщIиIэтыр, атIэ къуажэ псор игъэбийуэ и гъащIэр ирехьэкI. Зы мыхъумыщIэм адрейр трилъхьэурэ, абы и гъащIэм щызэхуэхьэса щохъу «дыгъужьым» и образыр.

Нажмудин и образыр Гъубжым къыщигъэлъагъуэр, нэгъэсауэ щызэпкърихыр колхозым къигъэзэжу, и IэнатIэм пэрыува нэужьщ. Iэщ дохутыр щIалэр псэкIэ хьэлэлщ, нэмыс хэлъщ. Нэжмудин сыт щыгъуи лэжьыгъэм хьэлэлу бгъэдэтщ. Абы щхьэгъусэ ещI Мэзан ипхъу Жангулэз. И IэщIагъэкIэ Жангулэз дохутырщ. Жангулэзи Нажмудин ещхьу гу къабзэрэ псэ хьэлэлрэ иIэщ. ЗэщхьэгъуситIым яхузэфIэкI псори ялэжь къуажэдэсхэм я псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ.

Сыт хуэдэ лъэпэщхьэпо хуэмызами, «Большевик» колхозым зеужьыр. Мэжидрэ Мэзанрэ я пIэскIуэнымрэ я лъэпIэстхъэнымрэ зыпамыгъэуами, ахэр кIуэ пэтми бэнэныгъэм къыпощэт, «елыркъэшым ещхьу зепщыпщэу къонэхэр». Ауэ, дауэ щымытми, дауэрэ къемыкIуэкIми, а тIум я гужьгъэжьыр иджыри иухкъым псэуху, ар я гум ихуфынуи къыщIэкIынкъым: «ЖыпIэнур аракъэ, мис а Езауэ Мэзанрэ Хъуп Мэжидрэ нэсри къэсыжау «Дыгъужь лъакъуитIщ, дыгъужь лъакъуитI», икIи ар абыхэм яхуэмыфащэу фIащакъым Мыхьэмэтрэ

ПIатIышрэ» [Губжев 1994: 92], – жеIэ тхакIуэм, икIи мы псалъэхэмкIэ романым «Дыгъужь лъакъуитI» щыфIищар егъэбелджылы. КIэ имыIэу абыхэм мащэ къыхуатI я къуажэгъухэм. Хъуп Мэжиди Езауэ Мэзани зэщхьэркъабзэу щхьэхуещэхэщ. Ауэ «дыгъужьитIым» сыт ямылэжьми, цIыхубэм я къарур токIуэр, къуажэм зеужь, зеубгъу, бей мэхъу. ТхакIуэм къуажэм Къэзымыгъэш щIыфIищам и щхьэусыгъуэу къытщохъу зыIущIэ лъэпощхьэпо псоми къуажэдэсхэр ерыщу, «къамыгъэшу», къызэрызэранэкIыр. Ауэрэ Хэку зауэшхуэр къохъей.

Абы теухуащ «Дыгъужь лъакъуитI» романым и етIуанэ тхылъыр. Тхылъыр зытепсэлъыхь лъэхъэнэм къызэщIиубыдэ Iуэхухэр щекIуэкIри Къэзымыгъэш къуажэрщ, абы и Iэхэлъахэрщ.

Гъубжым и романым къыщиIуэтэж Iуэхугъуэхэр, зэманыр зэрыгуащIэм хуэдэу, зэщIэплъэурэ йокIуэкI. ТхакIуэм дегъэлъэгъужыр Къэзымыгъэш къуажэдэсхэр зэманым и «ужьгъэм» зэрыщIэкIыр, хэт сыт хуэдэми абы наIуэ къызэрищIыр. Гъубжым хузэфIэкIащ Мыхьэмэт, Хьэмидбий, Нажмудин сымэ я образхэмкIэ лъэхъэнэ гугъур ди нэгум щIигъэкIын. КъехъулIащ тхакIуэм МатIурэ Жангулэзрэ, къуажэм къыданахэм я образхэри. Мыхэр цIыху пэжхэщ, ялъагъу мыхъумыщIагъэхэм блэкIхэркъым. Абыхэм я фIэщ мэхъу гува-щIэхами «я анэ-Хэкум и щIыгум къигъуэлъхьа, я уэгу къащхъуэм къытегъуэлъхьа гуIэгъуэ пшагъуэ гъуэз фIыцIэр ярыбзэхыкIыжу, абыхэм щхьэхуитыныгъэм и дыгъэр къызэрыщепсыжынур» [Губжев 1994: 118].

«Дыгъужь лъакъуитI» романыр къарууфIэ зыщI Iуэхугъуэхэм ящыщщ абы къыщыгъэлъэгъуа хуэIухуэщIэхэр гъащIэм щыщ Iыхьэу зэман хьэлъэ, зэман бзаджэ екIуэкIам теухуауэ зэрыщытыр. Абыхэм псэкIи IэпкълъэпкъкIи япсыхьауэ къыхокI тхакIуэм художественнэ Iэзагъышхуэ хэлъу зэфIигъэува персонаж щыпкъэхэр. Ахэращ романым и пщIэр къэзыIэтыр, ар тхылъеджэ минхэм фIыуэ езыгъэлъэгъуар. Ауэ ди къэхутэныгъэхэр зыхуэунэтIауэ щытаращи, Гъубжым и романхэм щызэфIэгъэува образхэмкIэ къигъэлъэгъуэн хузэфIэкIащ тхыгъэм къиIуэтэж лъэхъэнэм, цIыхухэр зыхэпсэукI гъащIэм я сурэтыр. Тхыгъэхэр щитхар ди къэралым, зэрыщыту дуней псом зэхъуэкIыныгъэ инхэр къыщыхъуа илъэсхэрауэ (80 гъэхэр) щытами, тхакIуэм зыдригъэхьэхакъым абы щыгъуэ къежьа Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэм. Абы и дежкIэ нэхъыщхьэр езым къикIуа, зи пIалъэм, екIуэкIыкIэм фIыуэ щыгъуазэ гъащIэ гъуэгурщ. Iуэху еплъыкIэщIэхэм тету блэкIам хуэпсэлъэныр, иубыныр тхакIуэм дежкIэ къемызэгът. Абы къызэрилъытэмкIэ, блэкIар лъапIэщ ди нэхъыжьхэм я дежкIэ – фIыми Iейми я нэгу щIэкIа псори абыхэм ейщи, ахэр гукъэкIыжу къахуренэж. БлэкIам и пэжыр щIэблэм бгъэдэлъхьэжын хуейщ ар зи нэгу щIэкIам зэрилъэгъуам, зэрызыхищIам хуэдэу, абы зэрыбгъэдыхьэну щIыкIэр езы ныбжьыщIэм къыхихыжын хуэдэу. Апхуэдэущ тхакIуэр Iуэхум зэрыбгъэдыхьэр. Аращ абы и персонажхэр игъэщIэрэщIэну щIыхэмытыр. ГъащIэм къыхиха персонажхэр и тхыгъэхэм къыхигъэхьащ зэрыщыт дыдэм хуэдэу, зыхэпсэукI гъащIэм и нэщэнэ псори япкърылъу.

Къызэрыхэдгъэщащи, «Iущым хешыр и Шыхулъагъуэ», «Дыгъужь лъакъуитI» романхэр къэзыгъэщIар блэка лIэщыгъуэм и 80–90 гъэхэм ди къэралымрэ жылагъуэмрэ къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэрщ. А зэманым дунейм къы-

техьащ тхыдэ къэхъукъащIэ зэмыщхьхэр, япэм зэратхыу щытам хуэмыдэу, къыщыгъэлъэгъуэжа художественнэ, документальнэ тхыгъэ куэд. Абыхэм ящыщщ дызытепсэлъыхьа романхэри.

Романхэм къыщыIэтар блэкIа лIэщIыгъуэм екIуэкIа Iуэхугъуэхэрами, ди нобэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ. Япэрауэ, блэкIа жыжьэкъым, етIуанэрауэ, а Iуэхугъуэхэр хуит хъуауэ нобэ къатIэщIыж, и пэжыпIэхэр зэхагъэкIыж. Иджы хэт лейзехьэу щытами къыщIагъэщ, хуэмыфащэу лей зылъагъэсахэри сэтей къохъуж. Тхыгъэхэр зытеухуа Iуэхугъуэхэр цIыхум зэращымыгъупщам, нобэ зэращIэм абыхэм я мыхьэнэр нэхъ лъагэ ящI.

## СПИСОК ИСТОЧНИКОВ И ЛИТЕРАТУРЫ

Губжев 1990 – *Губжев М.М.* Умный выбирает свой Млечный путь. – Нальчик: Эльбрус, 1990. – 292 с.

Губжев 1994 – *Губжев М.М.* Двуногий волк. – Нальчик: Эльбрус, 1994. – 198 с.

История адыгской… 2013 – *История адыгской (кабардино-черкесской) литературы*: в 2-х т. Т. 2 [Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэ. ЕтIуанэ тхылъ]. – Нальчик: ООО «Тетраграф», 2013. – 480 с.

Тимижев, Тхагазитов 2009 – *Тимижев Х.Т., Тхагазитов Ю.М.* Адыгский роман: эволюция жанра и художественно-эстетические особенности. – Нальчик: КБИГИ, 2009. – 168 с.

## REFERENCES

GUBZHEV M.M. *Umnyj vybiraet svoj Mlechnyj put'* [Smart chooses his Milky Way]. – Nal'chik: El'brus, 1990. – 292 s. (In Russ.).

GUBZHEV M.M. *Dvunogij volk* [Bipedal wolf]. – Nal'chik: El'brus, 1994. – 198 s. (In Russ.).

*Istoriya adygskoj (kabardino-cherkesskoj) literatury* [History of Adyghe (Kabardino-Circassian) literature]*:* v 2-h t. T. 2 [Adyge (k''eberdej-sherdzhes) literaturem i thyde. EtIuane thyl'']. – Nal'chik: OOO «Tetragraf», 2013. – 480 s. (In Russ.).

TIMIZHEV KH.T., THAGAZITOV YU.M. *Adygskij roman: evolyuciya zhanra i hudozhestvenno-esteticheskie osobennosti* [Adyghe novel: the evolution of the genre and artistic and aesthetic features]. – Nal'chik: KBIGI, 2009. – 168 s. (In Russ.).

**Авторхэм теухуауэ**

Хь.Т. ТIымыжь – филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор.

Н.Б. Бозий – филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат.

**Information about the authors**

H.T. Timizhev - Doctor of science (Philology), Professor.

N.B. Bozieva – Candidate of Science (Philology).

**Информация об авторах**

Х.Т. Тимижев – доктор филологических наук, профессор.

Н.Б. Бозиева – кандидат филологических наук.

**Авторхэм я хэлъхьэныгъэхэр:** Статьяр гъэхьэзырыным дэтхэнэ авторми зэхуэдэ хэлъхьэныгъэ хуищIащ. Авторхэм жаIэ зэгурымыIуэныгъэ лъэпкъ яку зэрыдэмылъыр.

***Contribution of the authors***: the authors contributed equally to this article. The authors declare no conflicts of interests.

***Вклад авторов***: все авторы сделали эквивалентный вклад в подготовку публикации. Авторы заявляют об отсутствии конфликта интересов.

Тхыгъэр редакцэм къагъэхьащ 23.07.2022 гъ.; рецензэ нэужьым къащтащ 04.09.2022 гъ.; къытрадзэнущ 15.09.2022 гъ.

The article was submitted 23.07.2022; approved after reviewing 04.09.2022; accepted for publication 15.09.2022.

Статья поступила в редакцию 23.07.2022 г.; одобрена после рецензирования 04.09.2022 г.; принята к публикации 15.09.2022 г.